Е.Абақан менен бирге жарыққа шығарды. А.Б.Салқынбай бул изертлеўде улыўма тил билиминиң көрнекли ўәкиллери Ф. де Соссюр, Э.Бенвенист, У.Эко мийнетлерин биринши рет қазақ тилине аўдарыўға қатнасқан.

Профессор А.Салқынбай Түркияда Билкент, Стамбул, Анкара университеттеринде, Халықаралық «Келешек» бағдарламасының гранты менен 2013-2014-оқыў жылы АҚШ та Висконсин-Мадисон университетинде 1 жыллық қәнигелигин жетилистириўден, 2017-жылы АҚШтағы Висконсин-Мадисон университетинде, 2018-жылы Францияда Париж қаласында КОНКОРД халықаралық Академиясында, 2019-жылы Германияда Дюсельдорф университетинде илимий қәнигелигин жетилистириўден өтти.

Илимпаз АҚШта, Францияда, Германияда, Швейцарияда, Италияда, Испанияда, Польшада, Қытайда, Японияда, Индияда, Араб Әмирлигинде, Россияда, Түркияда т.б. еллерде өткен халықаралық илимий конференцияларға қатнасты, автордың баянла-малары илимий-теориялық дәрежесиниң жоқарылығы менен, илимий жаңалығы менен, әҳмийетли мәселелерге арналғанлығы менен өзгешеленеди.

Автор өз баянатлары менен түркий тиллерине ортақ терминлер системасын қәлиплестириў идеясын, морфологияны жаңа когнитологиялық, функционаллық-семантикалық бағытта изертлеўдиң жоллары менен усылларын усынады.

**Әдебиятлар**


1. Қимыл есімінің семантикасы мен функциясы. –Алматы: «Мектеп», 1994.
2. Лингвистикалық түсіндірме сөздік. (Е. Абаканмен бірге) –Алматы: 1998.
3. Тарихи сөзжасам. Семантикалық аспект. -Алматы. Қазақ университеті: 1999.
4. Тіл және мәдениет. -Алматы. Қазақ университеті. 2001.
5. Әдіскер тағылымы. -Алматы. Қазақ университеті. 2002.
6. Функционалды грамматика очерктері, -Алматы: Қазақ университеті:. 2003.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қозоқ тилшунослигида когнитология, лингвокультурология, тил тарихи, сўз ясалиш, грамматика, лексикология, тил ва маданият ҳақида илмий асарларни тақдим қилган таниқли олима, тилшунос Анаркул Салқинбойнинг ижоди ҳақида сўз юритилган. Шунингдек, олиманинг қозоқ тили тарихи, тил ва маданият бўйича олий ўқув юрти талабаларига, филологларга мўлжаллаб ёзилган илмий асарлари таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается о деятельности известного ученого и лингвиста Анаркула Салкынбая, представившего в казахском языкознании научные труды по когнитологии, лингвокультурологии, истории языка, словообразованию, грамматике, лексикологии, языку и культуре. Также проанализированы научные труды ученого, написанные для студентов по дисциплине "история казахского языка", "истории языка и культуры".

**SUMMARY.** The article describes the activities of the famous scientist and linguist Anarkul Salkynbay, who presented scientific works on cognitive science, linguoculturology, language history, word formation, grammar, lexicology, language and culture in Kazakh linguistics. The scientific works of the scientist written for students in the discipline “history of the Kazakh language”, “history of language and culture” were also analyzed.


## ДЕТЕКТИВЛИК ПРОЗАНЫҢ ЖАНРЛЫҚ ТӘБИЯТЫ


**К.Г.Матимов –** *филология илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** детектив наср, Америка ва Европа детектив насри, рус детектив насри, ўзбек детектив насри, қорақалпоқ детектив насри.

**Ключевые слова:** детективная проза, Американская и европейская детективная проза, русская детективная проза, детективная проза в узбекской литературе, каракалпакская детективная проза.

**Key words:** detective prose, American and European detective prose, Russian detective prose, detective prose in Uzbek literature, Karakalpak detective prose.


**Кирисиў.** Әдебият тарийхында детективтиң жанр ретинде қәлиплесиўиниң узақ тарийхы бар. Бул жанрдың көркемлик дәреклери әййемги дәўирлерден саға алып, Орта әсирлердеги қорқынышлы ўақыялар сүўретленетуғын шығармаларда, XVII әсирлердеги Гайто де Питавалидиң «Белгили процесслер» жыйнағында, сондай-ақ, XIX әсирдиң готикалық романларында гезлеседи. XIX әсир орталарына келип белгили жазыўшылар бул детективлик шығармаларды көркем форма ретинде қоллана баслаған ўақытлары кең тарқала баслады. Детективлик проза дүнья әдебиятында XIX әсир орталарында жанр сыпатында қәлиплести. Оның жанр ретинде қәлиплесиўине түртки болған американы жазыўшы Эдгар Аллан Поның «Морг көшесиндеги өлим» шығармасы еди. Ең дәслеп бул детективлик прозаның ирге тасын қалаған американы жазыўшы Эдгар Аллан По, Артур Конан Дойл, Чарлз Диккенс болды. Буннан соң Агата Кристи, Жорж Сименон, Борис Акунин ҳәм т.б. атақлы жазыўшылар детективлик шығармалары менен дүнья әдебиятында терең из қалдырды.

**Әдебиятлар анализи.** Детективти айрықша жанр ретинде теориялық жақтан түсиндирген, оған анықлама берген англичан жазыўшысы Г.К.Честертон болды. Ол бул жанр ҳаққында теориялық ой-пикирлерин 1902-жылы жәрияланған «Детективлик әдебиятты қорғаў» деп аталған мийнетинде сөз етти. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында детективлик прозаның

жәмийетлик-эстетикалық феноменин изертлеў көплеген илимпазлардың, соның ишинде рус аўдармашылары А.Грамски, Б.Брехт, С.М.Эйзентейн ҳәм К.Чуковскийлердиң дыққат орайында болды [6:90-91].

Детективлик әдебият (латын тилинен detectio – әшкара етиў, инглис тилинен detect – ашыў, анықлаў, detective – излеўши ямаса излеп таўып сол сырды паш етиў деген мәнилерди аңлатады [4:66]. Солай етип, бул бағдардағы шығармалар шым-шытырық жумбақлы, қылмыслы, жынаятлы ислерди логикалық ҳәрекет арқалы ашып көрсетиўге қаратылады. Онда ўақыя, эпизод, деталь айрықша көркемлик хызметти атқарды. Даў-жәнжелдиң басы әдалатсызлық пенен бетпе-бет келиўден тийкар алып, соң қылмысты шешиў арқалы әдалатлылық пенен жуўмақланады. Детективлик прозаның гүллениўи капиталистлик жәмийетте орын алған қарама-қарсылықлардың күшейиўи менен, сондай-ақ, жәмийетлик әдалатсызлықты айыплаған массалық китапқумарлардың пайда болыўы менен байланыслы.

Бундай жетискенлик XIX әсир орталарында китапқумарлардың роман жанрына деген қызығыўшылығына байланыслы да болған. Әлбетте, детективлик проза реалистлик әдебияттың белгили бир формасы болып дүнья халықлары әдебиятында ылайықлы орынға ийе. Конан Дойл жаратқан изқуўар Шерлок Холмс қаҳарманы детективлик прозаның ең танымалы образы болып есапланады.

**Талқылаў.** XX әсирге келип детективлик проза тийкарынан АҚШ ҳәм Англияда кең тарқалған. Мағлыўматларға қарағанда усы еки мәмлекетте жылына 500 ге жақын детективлик шығармалар баспада жәрияланып турған. Артур Конон Дойл, Гилберт Кит Честертон, Эмил Габарио, Агата Кристи, Рекс Стаут шығармаларында жынаяттың ашылыўы логикалық усылда сүўретленген болса, Жорж Сименон, Моцумато Сэйтё детективлик прозада социаллық-руўхый мотивлерди пайда етти. Кейинги дәўирлерде болса Ремонд Чарлер, Дэшил Хэммет сыяқлы америкалы жазыўшылар нызам қорғаўшылардың жынаят дүньясы менен тиккелей гүреси сүўретленген детектив шығармаларды жаратты. Детективлик проза ҳайран қаларлық дәрежеде эволюцион раўажланыў басқышларына ийе болды ҳәм дүнья китапқумарлары арасында сүйип оқылатуғын жанрға айланды.

Бурынғы аўқам дәўиринде детективлик прозаның раўажланыўында белгили дәрежеде жол берилмеген болса да бул жанрдың дүнья әдебиятындағы белгили шығармаларын дәслеп рус тилине, оннан басқа туўысқан тиллерге аўдармаланып, басып шығарылып турған. Буннан көзде тутылған мақсет детективлик прозаның раўажланыўына түртки бериў емес, керисинше оларда сүўретленген жынаят әлеминиң түрлери: адам өлтириў, урлық, зорлық-зомбылық, қорқытыў, басқыншылық сыяқлы унамсыз ҳәрекетлер тек ғана капиталистлик жәмийетте, буржуа мәмлекетлери турмысына тән екенлигин көрсетиў ҳәм социалистлик мәмлекетлерде бундай иллетлер ушыраспайтуғынлығын, түп-тамыры менен жоғалтып жибергенлигин көрсетиў еди. Ҳәттеки, сол дәўирдеги баспада жәрияланған терминлер сөзликлеринде де «детектив әдебият» атамасы «буржуа әдебиятында тән болған жанр» деп түсиндирме берген [3].

Рус әдебиятында детективлик проза Мариэта Шагиняниның 1924-жылы жәрияланған «Месс Менд» ертек-романы менен пайда болды ҳәм Николай Атаров, Роман Ким, Вадим Панов, Аркадий Адамов, Юлиан Семенов сыяқлы жазыўшылар дөретиўшилигинде раўажланыў басқышларына ийе болды. Рус детективлик прозасының темасы, идеясы ҳәм мақсети кең болып, тек ғана жынаятшылық емес, сондай-ақ, түрли ойлап табылыўлар, тарийхый ҳүжжетлерди, қолжазбаларды урлаў менен байланыслы ўақыяларды паш етиўде жетекшилик етеди.

Өзбек әдебиятында детективлик проза 1960-жылларда Искендер Қаландаровтың «Шақасында емес, жапырақта» повести менен пайда болған деп айтылады. Шығарма жәмийеттиң «қара топарлары»ның қылмысларын паш етиўге қаратылған болып, онда урлық, зорлық-зомбылық, адам өлтириў, алдаўшылық сүўретленген. Бирақ, автор өз дәўиринде әдебияттаныўшы алым Сабыр Мирвалиев тәрепинен «совет ҳақыйқатлығына жат шығарма» жазғаны, «турмысымыз ушын типик болмаған нәрселерди улыўмаластырыў изинен қуўғанлы»ғын, милиция хызметкерлери ҳәм жәмийеттиң де сондай жынаятлардың пайда болыўына жол қойып берген «ақмақлық» сыпатында сүўретленгени ушын айыпланған. Бирақ, өзбек әдебиятында бул жанр түрли соққыларға қарамастан раўажланыўын даўам етти. Улмас Умарбековтың «Фотима ҳәм Зухра» романы, «Жаз жаўыны» қыссасы, Файзулла Қиличевтың «Шынжыр», Саид Равшанның «Чордоқта атылған оқ», Батыр Насыровтың «Алтын қорған апатшылығы» сыяқлы шығармалар жанрдың раўажланыўына хызмет етти. Ал Тоҳир Маликтиң 1992-2000-жыллар аралығында жазылған 5 томнан ибарат «Шайтанат» детектив-романы болса өзбек детективлик прозасының ең бийик шоққысы сыпатында тән алынбақта. Соның ушын да Тоғай Мурод бул ҳаққында тоқтап, «бүгинги күнде ылақ Тоҳир Маликке кетти», - деген еди. Сондай-ақ, өзбек әдебияттаныў илиминде Холиёр Сафоров детективлик прозаның нышанларын ямаса жанрлық белгилерин жәдид әдебиятында белгили орынғы ийе Абдулла Қодирийдиң 1935-жылы жазылған «Гүман» гүрриңин өзбек әдебиятындағы ең дәслепки детектив шығарма деў мүмкин деп баҳалаўды басшылыққа алмақта [9].

Қазақ әдебиятында Кемел Тоқаевтың «Түнде атылған оқ», Қалмуқан Исабаевтың «Әжел қурсаўында», «Коменданттың жазбалары» шығармалары детективлик прозаның ең дәслепки үлгилери сыпатында баҳаланбақта. Солай етип Болат Бодаубай, Шәкен Күмисбайулы, Мухтар Анарбекулы, Мухадас Балажанов, Алдажар Орынбай сыяқлы жазыўшылар детективлик прозаны раўажландырды.

Қулласы, детективлик прозада жынаят ислери, оны паш, әшкара етиў қызықлы, дықатты өзине тартатуғын абсурд ўақыяларға, бай сюжетлерге ийе болып келеди. Сол себептен болса керек, татар әдебиятында детективлик жанрдың эволюциясын изертлеген илимпаз өз мийнетинде «детективлик әдебият» термини менен бир қатарда «массалық көркем әдебият» («массовая литература») терминин синоним ретинде қолланылыўы детективлик прозаның массалық китап

оқыўшылардың эстетикалық талғамына сәйкес келгенлигин есапқа алғанлығы аңласылып тур [1:7].

**Нәтийжелер.** Қарақалпақ детективлик прозасы өткен әсирдиң 60-жылларында пайда болды. Бул жылларда А.Бекимбетовтың «Сырлы излер изинен», «Тынымсыз түнлер» детектив повестьлери жәрияланыўдан бул жанрдың раўажланыўы Ә.Пахратдиновтың «Қырағы көзлер», М.Қайыповтың «Қара чемодан», Ш.Сейтовтың «Исине тиркелип тигилсин» детективлик шығармалары менен байып барды.

Ғәрезсизлик жылларында А.Ақназаровтың «Дипломаттағы қупия», «Жанайбат», С.Исмаиловтың «Ашшы мийўелер» («Қақпан») А.Әбдиевтың «Саўын сыйыр», Ж.Муратбаевтың «Периштелер», «Иймансызлар», Д.Есебаевтың «Тышқан тесиги мың теңге», Ҳ.Өтемуратованың «Қара қағазлар», Ж.Өтениязовтың «Мийнетсиз дүнья излеме», «Урланған сейф», «Айыпкер ким», «Ципяо», «Жаманның өлими», «Үстиртеги айқас», «Жети мәртеден соң», «Қызларды ким урлады», «Бизнесмен Боббийдиң ылайсаңы» ҳәм буннан басқа да бир неше детектив гүрриңлери, улыўма бул шығармалар бүгинги детективлик прозанының гүллениўине салмақлы орын ийелемекте. Буннан тысқары бүгинги әдебиятымыздағы шығармаларда детективлик мазмунды өзинде жәмлеген ямаса оның белгилери, элементлери ушырасатуғын Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы Ақтуба», А.Әбдиевтың «Жин-жыпырлар уясы», О.Әбдирахмановтың «Босаға», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар» ҳәм К.Каримовтың «Онүшинши аўыл» романларына нәзер аўдарсақ детективлик прозаның белгили бир бағдар алып раўажланыў тенденциясына ийе болғанлығын көриўге болады. Әсиресе, О.Абдирахмановтың «Мырзаның изи» детектив-эссеси қоспа жанрлық формаға ийе болып, нағыз шын мәнисиндеги детективлик прозаның үлгилеринен бири екенлигин сезиўге болады. Соның менен биргеликте соңғы дәўирлерде Б.Бекмуратовтың авторлығында «Қарақшылар», «Жағыстағы жаўызлық» детектив романларының жәрияланыўы детективлик прозаның ҳәзирги әдебий процессте айтарлықтай жаңалық болғанлығынан дәрек береди.

**Жуўмақ.** Улыўма алғанда қарақалпақ әдебияттаныў илиминде детективлик прозаның тутқан орны, әдебиятымызда пайда болыўы ҳәм раўажланыўы ҳаққында Н.Камалов, Қ.Камалов, П.Нуржанов, Ж.Есенов, З.Алламуратова-лардың илимий мийнетлеринде жетерли дәрежеде изертленди [2,5,7,8]. Ҳәзирги қарақалпақ прозасында детектив жанр поэтикалық табыслары менен көзге тасланбақта. Соңғы дәўирлерде қарақалпақ әдебияты көркем поэтикалық, салмақлы, қунлы прозалық шығармалары менен айрықша байып атырғанлығын белгилеп өтиўимиз керек.

**Әдебиятлар**


1. Галиуллин Р. Эволюция детектива в татарской литературе. АКД. -Казань: 2007, -С. 7.
2. Есенов Ж. Ҳәрекетшең талант. (Жазыўшы Алланазар Әбдиевтың дөретиўшилик тулғасы) – Нөкис: «Билим», 2013. 36-б.
3. Ирисбоев Т. Ўзбек миллий детектив адабиёти муаммолари. // Scientific Journal Impact Factor (SJIF) 2021: 5.723 DOI: https://doi.org/10.24411/2181-1385-2021-00155.
4. Словарь литературоведческих терминов (редакторы –составители Л.И.Тимофеев, и С.В.Тураев) – Москва: «Просвещение», 1974. -С.66.
5. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. – Нөкис: «Билим», 2003
6. Кожевникова В.М, Николаева П.А. Литературный энциклопедический словарь. / под общ. ред. – Москва: Сов. энцикл., 1987. – С. 90-91.
7. Камалов Н. «Қырағы көзлер»диң илмей қалған жерлери ҳаққында. // «Әмиўдәрья», 1973, №4, 125-127-б.
8. Камалов Қ. Қарақалпақ повести. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
9. https://oyina.uz/kiril/article/3224



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада детектив насрнинг жанрий табиати ҳақида сўз юритилади. Бу жанрнинг бадиий манбалари, қадимги ва ўрта асрларда ривожланиши очиб берилади. Қардош халқларда детектив прозанинг ривожланиши ва ҳозирги қорақалпоқ адабиётида детектив прозанинг поэтик ютуқлари белгилаб ўтилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье обсуждается жанровая природа детективной прозы. Раскрываются художественные истоки этого жанра, его развитие в древности и средневековье. Развитие детективной прозы среди братских народов и поэтические достижения детективной прозы в современной каракалпакской литературе отмечаются.

**SUMMARY.** The article discusses the genre nature of detective prose. The artistic origins of this genre and its development in ancient and medieval times are revealed. The development of detective prose among fraternal peoples and the poetic achievements of detective prose in contemporary Karakalpak literature are noted.


## OBRAZ JARATÍWDA KÓRKEM DIALOGTÍŃ ÁHMIYETI

(Sh.Seytovtıń «Shırashılar» romanındaǵı Esjan ǵarrı obrazı mısalında)


**T.Orınbaev –** *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*

**A.Xorezmova –** *student*

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*



**Tayanch so‘zlar:** qoraqalpoq adabiyoti, Sh.Seytov, roman, badiiy obraz, dialog.

**Ключевые слова:** каракалпакская литература, Ш.Сеитов, роман, художественный образ, диалог.

**Key words:** karakalpak literature, Sh.Seytov, novel, artistic image, dialogue.


**Kirisiw.** Dialoglar kórkem ádebiyattıń barlıq janlarında keń qollanıladı. Kórkem shıǵarmada qollanılǵan dialoglar kórkemlik qásiyeti menen ajıralıp turadı. Dialoglar kórkem tekstte qaharmanlardıń óz-ara pikir alısıwın támiynlep qalmastan, al qaharmanlardıń dúnya qarasın sáwlelendiriwshi, oqıwshıda qaharman yaki personajǵa degen unamsız yamasa unamlı pikirdi oyatıwshı, avtor niyetin júzege shıǵarıwshı bir neshe funkciyalardı atqarıp keledi.